

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN


#### 3.1 Méthode Panalungtikan

Ratna (2004, kc. 34) nétélakeun yén méthode asal kecapna tina basa Latin nya éta *methodos* anu miboga harti léngkah-léngkah. Sacara gemblengna méthode miboga harti minangka cara-cara atawa léngkah-léngkah sistematis pikeun ngaréngsékeun sababaraha pasualan anu miboga sabab-akibat. Salian ti éta méthode miboga harti minangka sarana pikeun ngabasajankeun pasualan jeung nyindekkeun hasil panalungtikan. Panalungtikan anu digunakeun nya éta panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nurutkeun Ratna (2004, kc. 46) nya éta cara pikeun nyangking data nu ditalungtik dina wangun déskripsi.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif mangrupa méthode nu miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajéntrékeun kajadian anu aya di jaman ayeuna. Méthode panalungtikan déskriptif bisa ngajéntrékeun hiji variabel atawa leuwih dina panalungtikan (Sudjana, 2015, kc. 52).

#### 3.1.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan miboga tujuan pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah nu rék dilakukeun ku panalungtik. Léngkah-léngkah panalungtikan mangrupa runtuyan prosés ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka nyieun kacindekan dina panalungtikan (Nurbuko, C & Abu, 2009, kc. 57). Ieu di handap mangrupa bagan nu ngagambarkeun léngkah-léngkah dina panalungtikan.




**Bagan 3. 1**  
*Desain Panalungtikan*

### 3.2 Data jeung Sumber Data

Anu dimaksud sumber data nya éta subjék data anu rék ditalungtik. Sacara gemblerngna, sumber data téh ngawengku tilu aspék nya éta aya *person* (jalma), *place* (tempat), jeung *paper* (kertas atawa dokuméntasi) (Arikunto, 2006, kc. 72).

Dina nangtukeun sumber data, dipilih dumasar kana judulna nu patali jeung ajén étika téologis (réligi), ajén étika filosofis, jeung ajén étika sosial. Tuluy ditilik tina téma jeung eusina, upamana ngagambarkeun réalita kahirupan manusa sapopoé. Dumasar kana pedaran anu diguar, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta novel *Abu Nawas Saémbara* karyaana Rachmat. M. Sas. Karana, sarta buku-buku tiori nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

#### 3.2.1 Déskripsi Buku



**Gambar 3. 1**

Data dina ieu panalungtikan nya éta eusi carita sagemblengna nu aya dina novel *Abu Nawas Saémbara* karyaana Rachmat. M. Sas. Karana kalayan idéntitas:

Judul Buku	: <i>Abu Nawas Saémbara</i>
Pangarang	: Rachmat. M. Sas. Karana
Pamedal	: PT Kiblat Buku Utama
Taun Medal	: 2017
Kandel Buku	: 46 kaca

Riska Ikrimah, 2020

**AJEN ETIKA DINA NOVEL ABU NAWAS SAEMBARA KARYA RAHMAT M. SAS KARANA (Ulukan Objektif Mimetik)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.2.2 Biografi Singget Pangarang



**Gambar 3. 2**

Rachmat. M. Sas. Karana lahir di Cijulang, Ciamis, 08 Désémber taun 1942. Rachmat. M. Sas. Karana mangrupa salasahiji pangarang anu kawilang penting dina hirup huripna kamekaran puisi Sunda modérn. Dimimitian ku terbitna kumpulan puisi beunang Sayudi dina karyana *Lalaki di Tegal Pati* taun 1963, tuluy disusul ku terbitna kumpulan puisi beunang Rachmat. M. Sas. Karana dina karyana *Ombak Laut Kidul* taun 1966, jeung kumpulan puisi *Janté Arkidam* karyana Ajip Rosidi taun 1967.

Rachmat M. Sas . Karana mimiti nulis puisi ngagunakeun basa Sunda dina taun 1960. Lian ti nulis puisi basa Sunda, Rachmat. M. Sas. Karana gé nulis puisi dina basa Indonesia. Puisi basa Indonesia karangan Rachmat. M. Sas. Karana, diterbitkeun di sababaraha majalah jeung diterbitkeun dina wangun carita péndék sarta novel. Lian ti nerbitkeun kumpulan puisi *Ombak Laut Kidul* dina taun 1966, Rachmat. M. Sas. Karana gé nerbitkeun kumpulan puisi séjén nya éta aya kumpulan puisi *Tepung di Bandung* taun 1972, jeung *Surat Panjang ti Cijulang* taun 1983.

Kumpulan puisi *Ombak Laut Kidul* anu diterbitkeun di Jatiwangi (Cirebon) ku Cupumanik dina taun 1966, kawilang salasahiji karya Rachmat. M. Sas. Karana nu kawéntar di kasusastraan Sunda. Buku kumpulan puisi *Ombak Laut Biru* gé meunang hadiah sastra Piagem Ambri ti Paguyuban Pangarang Sastra Sunda. Dina wangun

Riska Ikrimah, 2020

**AJEN ETIKA DINA NOVEL ABU NAWAS SAEMBARA KARYA RAHMAT M. SAS  
KARANA (Ulukan Objektif Mimetik)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sastra séjén, Rachmat. M. Sas. Karana nulis karangan wangun novel dina karyana *Abu Nawas Sémbara* taun 1967 nu diterbitkeun ku Rachmat Cijulang.

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dumasar kana prosedur panalungtikan, aya nu disebut téhnik ngumpulkeun data. Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salasahiji téhnik atawa prosedur anu kudu dilakukeun ku panalungtik sangkan udagan jeung hasil nu dipikaharep bisa kahontal sacara maksimeum. Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké ku panalungtik téh nya éta studi pustaka jeung analisis téks. Nurutkeun Sugiyono (2018, kc. 137), métode ngumpulkeun data tina dokumen atawa sumber pustaka disebut studi pustaka. Sedengkeun téhnik anu digunakeun pikeun ngolah data nya éta téhnik analisis téks. Analisis téks nya éta téhnik ngolah data hasil tina prosés panalungtikan ku cara ngaguar hasil panalungtikan dina wangun déskriptif.

#### 3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Sudjana (2015, kc. 58) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nya éta sarana dina ngahasilkeun data sarta sarana pikeun ngumpulkeun, jeung ngolah data sangkan leuwih gampang ngalakukeun panalungtikan. Intrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngaliwatan kartu data. Kartu data nya éta istrumén dina wangun tabel pikeun nalungtik data nu kapanggih.

#### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun kartu data saperti ieu di handap.

##### 3.3.2.1 Kartu Data Ajén Étika

**Tabel 3. 1**  
*Kartu Data Ajén Étika*

No	Cutatan Novel	Ajén Etika		
		Téologis	Filosofis	Sosial

Riska Ikrimah, 2020

*AJEN ETIKA DINA NOVEL ABU NAWAS SAEMBARA KARYA RAHMAT M. SAS KARANA (Ulukan Objektif Mimetik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.3.2.2 Kartu Data Ulikan Objéktif

**Tabel 3. 2**

*Kartu Data Téma*

Téma	Cutatan novel	Kaca

**Tabel 3. 3**

*Kartu Data Galur*

Galur	Cutatan Novel	Kaca

**Tabel 3. 4**

*Kartu Data Latar*

Latar			Cutatan Novel	Kaca
Waktu	Tempat	Sosial		

**Tabel 3. 5**

*Kartu Data Pentingna Tokoh*

Ngaran Palaku	Tingkat Pentingna Palaku		Fungsi Penampilan Palaku	
	Utama	Tambahan	Antagonis	Protagonis

**Tabel 3. 6**

*Kartu Data Palaku jeung Watek*

Ngaran Palaku	Watek	Cutatan Novel	Kaca

**Tabel 3. 7**

*Kartu Data Jihat Sawangan*

Jihat Sawangan	Cutatan Novel	Kaca

### 3.3.2.3 Kartu Data Ulikan Mimétik

**Tabel 3. 8**

*Kartu Data Ulikan Mimétik*

Mimétik	Cutatan Novel	Kaca

Riska Ikrimah, 2020

*AJEN ETIKA DINA NOVEL ABU NAWAS SAEMBARA KARYA RAHMAT M. SAS KARANA (Ulikan Objéktif Mimetik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu